# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान विद्यार्थियन के भरोसा दिहले हवें कि केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड– सी बी एस ई के ओरि से सुरू कइल गइल नया ऑन–स्क्रीन मार्किंग– ओ एस एम प्रणाली ढेरे पारदर्सिता सुनिस्चित कइले के उद्देस्य से एगो 'प्रगतिशील साधन' हौ। श्री प्रधान नई दिल्ली में सीबीएसई के अधिकारियन के साथे बइठकी के बाद संवाददाता लोगिन से बतियावत स्वीकार कइलें कि सीबीएसई क कक्षा बारहवीं क परीक्षा के पुनर्मूल्यांकन पोर्टल में ओएसएम प्रणाली में बिसंगतियन आ तकनीकी खराबी के ले के कुछु दिक्कति सामने आइल। उहां के विद्यार्थियन के भरोसा दियवलीं कि चलि रहल पुनर्मूल्यांकन प्रक्रिया के दौरान सज्जो सिकाइतिनि क समाधान कइल जाई।

***बच्चों को ट्रांसपेरेंटली अपने मार्क्स के बारे में जानकारी मिले। उनको ट्रांसपेरेंटली स्कैन कॉपी के माध्यम से उनकी आंसर शीट उनके हाथ में आए। ये ओएसएम की व्यवस्था है। पहली बार देश में सीबीएसई ने इसको प्रयोग किया। इसमें कुछ विसंगति ध्यान में आ रही है। इसको मैं दायित्व लेता हूं। उसको ठीक करा जाए। हम एक भी विद्यार्थी की अन अन्सार्ड क्वेरी को असमाधित नहीं छोड़ेंगे।***

**********

सर्वोच्च न्यायालय कक्षा नौ के विद्यार्थियन बदे कम से कम दुइ गो भारतीय भासा के सथहीं तीनि गो भासा क पढ़ाई जरूरी कइले से जुड़ल केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड क नीति के चुनौती देवे वाली याचिका पर बिचार करी। सीर्स न्यायालय काल्हि केन्द्र सरकार, बोर्ड आ राष्ट्रीय शैक्षिक अनुसंधान अउर प्रशिक्षण परिषद के नोटिस जारी कइ के दुइ हप्ता के भित्तर जबाब मंगले हवे।

**********

सर्वोच्च न्यायालय, ऑनलाइन गेमिंग कंपनियन पर सरकार के ओरि से पहिले से परभावी अट्ठाइस फीसदी जीएसटी के बरकरार रक्खत एके वैध बतवले हवे। सीर्स न्यायालय कहलस कि ऑनलाइन गेमिंग प्लेटफॉर्म खाली मध्यस्थ नाही हवे बलुक उन्हें आपूर्तिकरता मानल जाये के चाही आ ओह पर वस्तु आ सेवा कर–जीएसटी लागू होला।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी– एन टी ए, संयुक्त विश्वविद्यालय प्रवेश परीक्षा–सी यू ई टी– यूजी–दुइ हजार छब्बीस क संसोधित तरीख आ प्रवेस पत्र जारी कइ दिहले हवे। एनटीए के मोताबिक परीक्षा अब एकतीस मई, छौ आ सात जून के आयोजित कइल जाई। बकरीद के नाते तारीख फेर से तय कइल गइल हवे। एनटीए बतवलस कि एकतीस मई के परीक्षा देवे वाला ओम्मेदवारन के प्रवेस पत्र जारी कइ दिहल गइल हौ। छौ आ सात जून के परीक्षा बदे प्रवेस पत्र जल्दिये जारी कइल जाई।

**********

देस भर में बीर सावरकर क आजु जयंती मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी उन्हें नमन करत सोसल मीडिया पोस्ट में कहले हवे कि वीर सावरकर क साहस आ देसभक्ति लोगिन के हरदम प्रेरित करत रही। प्रधानमंत्री कहलें कि सामाजिक सुधारन पर वीर सावरकर क ढेरे जोर रहल आ येह दिसा में उनकर ज्ञान उल्लेखनीय हौ। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो वीर सावरकर के नमन करत आपन सरधांजलि दिहले हवें।

**********

कुर्बानी क तिउहार ईद–उल–अजहा यानी बकरीद प्रदेस भर में धारमिक आस्था अउर उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर लोगि आजु सबेरे ईदगाह आ मस्जिदन में ईद क नमाज अदा कइलें आ एक–दुसरे के बधाई दिहलें।

***प्रदेश की राजधानी लखनऊ सहित पूरे राज्य में कुर्बानी के फरायज को अंजाम दिया जा रहा है। कुर्बानी का सिलसिला 30 मई को सूर्यास्त तक जारी रहेगा। लखनऊ स्थित ऐशबाग ईदगाह के शाही इमाम खालिद रशीद फरंगी महली और अन्य मुस्लिम धर्म गुरुओं ने मुसलमानो से प्रतिबंधित पशुओं की कुर्बानी न करने की अपील की है। मौलाना खालिद ने बताया कि इस्लामिक सेंटर आफ इंडिया ने बकरीद के लिए 12 बिंदुओं की एडवाइजरी जारी की है। पर्व को देखते हुए पूरे प्रदेश में संवेदनशील स्थानों पर सुरक्षा के व्यापक प्रबंध किए गए हैं। लखनऊ नगर निगम सहित राज्य के सभी स्थानीय निकायों ने भी 30 मई तक अपने अपने क्षेत्र में साफ सफाई की व्यवस्था चाक चौबंद रखने के निर्देश कर्मचारियों को दिए हैं। मुमताज अली आकाशवाणी समाचार लखनऊ।***

**********

मसहूर शायर अउर पद्मश्री से सम्मानित साहित्यकार डॉक्टर बशीर बद्र क आजु मध्य प्रदेश के भोपाल में सरगबास हो गइल। एक्यानबे सालि के उमिरि में उहां के आखिरी सांस लिहलीं। सोसल मीडिया पर लोगि उनकर मसहूर शेर साझा कइ के उन्हें सरधांजलि दे रहल हवें। डॉक्टर बशीर भद्र लमहर समय से डिमेंशिया जइसन गम्भीर बेमारी से पीड़ित रहलें। उनकर जनम पनरह फरौरी ओन्नइस सौ पैंतीस के उत्तर प्रदेस के फैजाबाद जिला में भइल रहे।

**********

मौसम विभाग प्रदेस में कई दिन से चलि रहल भीसण गरमी आ लुह से राहत क ओम्मेद जतवले हवे। विभाग के हिसाबि से आजु राति से आवे वाला तीनि दिन ले प्रदेस के पच्छिमी आ पूरबी इलाका के कई जिलन में मौसम क मिजाज बदलल रही। येह दौरान तेज आन्हीं के बिच्चे कई जगहिनि पर बरखा आ ओलो परले क सम्भावना बा।

**********